

Sitiyasyon Imigrasyon – Pwojektè sou Sitiyasyon Tanporè Pwoteje (TPS)

Anviwon 966,000 moun, oswa prèske 20% zòn metwopoliten Boston an, se imigran. Sa genyen ladann 53,000 ayisyen, 7,000 ikrenyen, ak 4,000 venezwelyen. Sitiyasyon imanitè, ki genyen ladann Sitiyasyon Tanporè Pwoteje (TPS) site souvan nan nouvl. Tout TPS genyen dat ekspirasyon epi renouvèlman an ensèten. Kisa sa vle di pou imigran ki genyen TPS nan Massachusetts?



LEGAL KEY
PARTNERSHIP FOR
HEALTH AND JUSTICE

?

Ki sa ki Sitiyasyon Tanporè Pwoteje (TPS)?

- TPS se yon sitiyasyon imigrasyon pou moun nan Etazini ki pa kapab retounen lakay yo san danje akòz lagè, katastwòf natirèl oswa kriz imanitè. Prèske 28,000 imigran nan Massachusetts nan Sitiyasyon Pwoteje Tanporè. (CRS Mas 2024)
- Peyi ki resevwa nominasyon TPS yo pibliye sou [sitwèb USCIS](#) la. Peyi TPS kouvri nan dat 1/1/2025 yo se: Afganistan, Bouma (Myanma), Kamewoun, Salvadò, Etyopi, Ayiti, Ondiras, Liban, Nepal, Nikaragwa, Somali, Soudan Sid, Soudan, Siri, Ikrèn, Venezwela, ak Yemenn.
- TPS ofri pwoteksyon kont depòtasyon ansanm aksè ak otorizasyon travay. TPS pa debouche sou sitiyasyon rezidan pèmanan, ni li pa pèmèt yon moun esponsòrizman fanmi li.
- Moun ki nan Etazini nan sitiyasyon TPS gendwa kalifye tou pou lòt sitiyasyon imigrasyon.

?

Kisa k ap rive si TPS ekspire men moun nan toujou Etazini?

- Si TPS yon imigran ekspire, li ap pèdi otorizasyon travay li epi li ap vin san dokiman si li pa genyen lòt sitiyasyon legal..
- Tantativ pou mete fen ak sitiyasyon imigrasyon fèt ak pwosè si li pa nan lòt sitiyasyon legal. Sepandan pa genyen egzijans legal pou USCIS pwolonje nenpòt nominasyon pi lwen pase dat finisman li.

?

Kisa ekip swen yo ka fè?

- Konfime sitiyasyon yon endividi. Revize dokiman imigrasyon imigran an. Gade enfòmasyon dosye imigrasyon an. [Gade paj 1 Kijan Ekip Swen yo Kapab Sipòte Fanmi Imigran yo.](#)
- Si yon imigran nan yon sitiyasyon imanitè tankou TPS, chache enfòmasyon pou wè kilè sitiyasyon sa a pwograme pou li ekspire sou [sitwèb USICS](#) la.
- Konekte moun ak enfòmasyon legal tankou preparasyon enfòmasyon planifikasyon. Gade paj de [Kijan Ekip Swen yo Kapab Sipòte Fanmi Imigran yo.](#)
- Ankouraje moun ki gen TPS anvizaje si wi oubyen non gen yon sitiyasyon imigrasyon ki pi pèmanan ki disponib pou yo. Pa egzanp, azil se yon opsyon komen men w dwe aplike pou li nan entèval 1 ane lè w rive a.
- Konekte ak moun klinik legal tankou konsiltasyon legal gratis, oswa pataje lis òganizasyon sèvis jiridik [Vil Boston](#) oswa [MIRA](#).
- Anvizaje ekri lèt sipò nan objektif imigrasyon.
- Konekte moun ak enfòmasyon sou TPS ki aktif ak lòt [pwosè ki gen rapò ak imigrasyon](#).

Resous

- [Legal Key Digital Digest](#)
- [Kowalisyon Massachusetts pou Defans Imigran ak Refijye \(MIRA\)](#)
- [Politik Imigrasyon](#) Paj wèb swivi (fè swivi sou aksyon, repons ak sitiyasyon federal resan yo)
- [Sant Nasyonal sou Lwa Imigrasyon](#)



Pwopriete Entèlektyèl 2025, Tout dwa rezève
Dènye mizajou 18 avril 2025

Enfòmasyon ki genyen nan resous sa a la nan objektif pou bay edikasyon sèlman epi li pa reprezante konsèy jiridik oswa etabli yon relasyon ant yon kliyan ak avoka li. Si w genyen kesyon, tanpri kontakte avoka oswa defansè w.